

Egzijans Vaksen pou Lekòl (K-12) nan New Jersey



New Jersey egzije pou timoun k ap ale lekòl yo satisfè egzijans minimòm pou vaksinasyon. Vaksen sa yo ede pwoteje timoun yo kont maladi grav ki ka fasilman gaye nan anviwònman gwoup, kote yo an kontak sere youn ak lòt. Pou pi bon pwoteksyon an, timoun yo ta dwe swiv [orè vaksinasyon timoun Akademi Ameriken pou Pedyatri \(American Academy of Pediatrics, AAP\) a](#).

Tablo ki anba a montre kantite dòz vaksen ki nesèsè selon klas antre timoun nan. Yo ka bezwen mwens dòz pase sa ki ekri a si timoun nan an reta nan orè a. Pale ak doktè pitit ou a pou jwenn plis detay.

	Jadendanfan/Klas 1 (Klas Antre)	Klas 2-6	Klas 7-12
DTaP (pou timoun ki poko gen 7 an) Td/Tdap (pou timoun ki gen 7 an ak plis)	Seri Prensipal: 4 oswa 5 dòz (omwen yon dòz nan 4 yèm anivèsè a oswa apre)	Prè ou konplete seri prensipal la (omwen yon dòz nan 4 yèm anivèsè a oswa apre)	Prè ou konplete seri prensipal la AK omwen 1 Tdap a laj 10 an oswa plis.
IPV/OPV	Total 3 oswa 4 dòz (omwen yon dòz yo bay nan 4yèm anivèsè a oswa apre)		
MMR	Total 2 dòz		
VAR	Total 1 dòz		
Hep B	Total 3 dòz (oswa yon seri 2 dòz apwouve)		
Men ACWY	Okenn	Okenn	Yon total 1 dòz ki dwe administre a laj 10 zan oswa pi gran

Kle Vaksen yo

DTaP: Difteri, Tetanos, ak Pètisis (koklich)

Td: Tetanos ak difteri

Tdap: Tetanos, difteri, pètisis

IPV/OPV: Vaksen polio inaktive ak vaksen polio oral

MMR: Lawoujòl, Malmouton, ak Ribeyòl

VAR: Varisèl

Hep B: Epatit B

MenACWY: Menenjokòk ACWY

Sa a se yon dokiman rezime. Egzijans minimòm pou vaksinyasyon nan New Jersey baze sou Akademi Ameriken pou Pedyatri (AAP), [orè vaksinyasyon timoun AAP](#). Vaksen yo obligatwa nan laj ki pi jèn lè yon timoun antre nan lekòl. Timoun ki pa ajou ak vaksen obligatwa yo ap oblije swiv orè vaksinyasyon ratrapaj la; paran yo ta dwe pale ak founisè swen sante yo pou ede pitit yo ratrape yo.

Egzansyon medikal ak relijye (rezon pou pa resevwa vaksen) yo detaye nan règleman Vaksinyasyon Timoun nan Sant Gadri ak Lekòl yo. Enstriksyon pou wè règleman yo disponib nan nj.gov/health/cd/imm_requirements/acode/. Yon lòt resous se "NJ Immunization Requirements Frequently Asked Questions" (Kesyon Yo Poze Souvan sou Kondisyon Vaksinyasyon NJ), ki disponib nan nj.gov/health/cd/imm_requirements/.

***DTaP/Td/Tdap**

Jadendanfan oswa Klas 1: Anvan timoun yo kòmanse lekòl, yo bezwen 4 oswa 5 dòz vaksen DTaP, selon laj yo lè yo te kòmanse seri vaksen an. Fòk yo bay omwen yon dòz nan jou oswa apre 4yèm anivèsè yo.

Klas 2–5: Yon seri prensipal vle di fini tout dòz inisyal yon vaksen. Timoun ki gen 7 an oswa plis pa bezwen pran tout seri vaksen DTaP/Tdap yo si yo fini seri a oswa si yo ka montre yo deja resevwa omwen 3 dòz total DTaP, Td, oswa Tdap ak yon dòz apre 4yèm anivèsè nesans yo. Founisè swen sante ou ka ede pitit ou ratrape lè l sèvi ak kalandriye ratrapaj la.

Klas 7 ak pi wo: Elèv yo dwe gen yon dòz Tdap yo te ba yo a laj 10 an oswa plis epi montre prèv yo te konplete seri prensipal la.

Jadendanfan jiska klas 12

IPV/OPV: Yo pa rekòmande itilizasyon OPV, ni li pa disponib Ozetazini. Sepandan, yo ka itilize OPV nan lòt peyi. Yo aksepte dòz yo sèlman si yo te bay yo anvan avril 2016. Timoun ki resevwa dòz OPV apre avril 2016 dwe resevwa dòz IPV pito. Fòk yo bay omwen yon dòz nan jou oswa apre 4yèm anivèsè yo. Tanpri sonje, anvan sa yo pa t egziye dòz vaksen pou moun ki gen 18 an oswa plis; sepandan, moun ki gen 18 an oswa plis kounye a dwe satisfè kondisyon pou ale lekòl.

MMR: De dòz woujòl, malmouton, ak ribeyòl.

Varisèl: Yon dòz varisèl obligatwa. AAP rekòmande de dòz, men yo pa obligatwa pou ale lekòl.

Hep B: 3 dòz oswa yon seri de dòz ki apwouve.

Menenjokòk ACWY: Yon dòz MenACWY obligatwa pou moun ki gen 10 zan oswa plis nan 7yèm ane ak pi wo. Dòz MenACWY yo bay anvan laj 10 zan ap bezwen repete.